

Twazyèm Pati Fon Relans lan: Kòmansman Ranbousman Rekiperasyon nan Mas 2021

Avètisman: Avi sa te rive kreye pa The Legal Aid Society. Avi sa se pa yon konsèy legal epi li pa ranplase konsèy yon ekspè imigrasyon, fiskalite ak/oubyen avantaj sosyal yo. Enfòmasyon ki genyen nan dokiman sa aktyalize nan dat vèsyon ki figure anba dokiman sa epi li kapab sibi modifikasyon.

Ki sa Lwa sou Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan Act) 2021 an ye?

Lwa sou Plan Sekou Ameriken 2021 an se pwojè lwa federal ki apeprè 1,9 bilyon dola prezidan Biden te pwomilge 11 Mas 2021. Li enkli plizyè pwovizyon ki reponn ak pandemi COVID-19 la, ki genyen ladan l:

- lajan pou patikilye yo gras ak Ranbousman Rekiperasyon yo,
- divès prestasyon asirans-chomaj amelyore, ak
- modifikasyon kèk kredi enpo federal.

Remak: Yon Pèman Enpak Ekonomik (Economic Impact Payment, EIP) se yon pèman davans Kredi Ranbousman Rekiperasyon an (Recovery Rebate Credit, RRC). Antan ke sa, ou pral wè EIP a refere ak RRC sou deklarasyon revni 2020 ou.

Kisa ki se Ranbousman Rekiperasyon an?

Pami lòt bagay yo, American Rescue Plan (Plan Sekou Ameriken) an prevwa yon Ranbousman Rekiperasyon, ki se twazyèm seri pèman gouvènman federal la pandan pandemi COVID-19 la. Li ale jwenn patikilye ki te fè mwens pase 80 000 \$; pou koup marye yo ki te fè mwens pase 160 000 \$; epi ak chèf menaj fiskal yo ki te fè mwens pase 120 000 \$. Montan yo soti nan ane fiskal 2020 an, epi yo baze sou revni brit ajiste sou enpo ou yo. Si ou pa t gentan depoze enpo 2020 yo pou ane sa, Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) ap itilize montan deklarasyon revni 2019 ou an.

Konbyen Ranbousman Rekiperasyon an ye?

Ranbousman Rekiperasyon an kapab atenn 1 400 \$ pou chak moun admisib epi 1 400 \$ pou chak moun a chaj admisib.

Kiyès ki (ki pa) admisib pou yon Ranbousman Rekiperasyon

Genyen kèk modifikasyon pa rapò ak Pèman Estimilasyon ane pase, selon lalwa CARES (ki te prevwa premye seri lajan, kòmans nan Mas 2020) ak Lwa sou Kredi Konsolide 2021 (ki te prevwa dezyèm seri pèman, kòmans Desanm 2020). Pou kalifye pou Ranbousman Rekiperasyon aktyèl la, ou dwe yon adilt ki gen yon Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) ki aktyèlman valid pou travay, epi ou pa dwe te reklame kòm yon moun a chaj enpo yon lòt moun.

Si ou genyen sèlman yon Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN), ou pa admisib sof si konjwen ou gen yon SSN epi se te yon manm Fòs Lamè Ameriken an nenpòt moman pandan ane enpo kote ou te fè yon deklarasyon revni ki kalifye ou pou Ranbousman Rekiperasyon an.

Si pitit ou an gen yon SSN oubyen yon Nimewo Idantifikasyon Fiskal Adopsyon (Adoption Taxpayer Identification Number, ATIN), yo **elijib**, si ou genyen yon SSN.

Si ou genyen yon SSN epi ou se yon manm yon fanmi ki gen estati imigrasyon miks, manm fanmi yo ki gen yon SSN **elijib** pou resevwa Ranbousman Rekiperasyon, ak lòt manm fanmi yo ki gen ITIN oubyen okenn nimewo ki pa ditou **elijib**. (Eksepsyon: ou genyen yon SSN epi ou te manm Fòs Lane Amerikèn nan nenpòt moman pandan ane enpo a kote ou te fè depo deklarasyon revni ki kalifye ou pou Ranbousman Rekiperasyon, apre sa konjwen ou avèk yon ITIN t'ap kapab **elijib**.)

Kisa mwen dwe fè?

Ranbousman Rekiperasyon ap vin jwenn ou **otomatikman**, san yo pa bezwen fè anyen, **si** ou:

- Te depoze yon deklarasyon revni pou 2020,
- Te depoze yon deklarasyon revni pou 2019,
- Te itilize zouti non-deklaran yo pou Pèman Estimilis 2020 avan 22 Novanm 2020,
- Resevwa Avantaj Sekirite Sosyal (ki genyen retrèt, envalidite, ak sivivan),
- Resevwa avantaj Revni Sekirite Adisyonèl (Supplemental Security Income, SSI),
- Resevwa avantaj Retrèt Chemen Fè, oubyen
- Ou se yon ansyen konbatan oubyen yon benefisyè ki resevwa avantaj Konpansasyon oubyen Pansyon (VA Compensation or Pension, C&P).

Nòt: Yon fwa ou fin fè deklarasyon revni an, ou pral elijib pou yon Ranbousman Rekiperasyon otomatik, si ou reponn ak lòt kritè elijib ki diskite anlè yo. Pèman yo otomatik tou pou nenpòt moun ki soumèt yon deklarasyon revni senplifye ki te trete pa IRS la.

Kijan pou m Aplike?

Si ou pa genyen okenn nan avantaj anlè yo, ou pa t fè deklarasyon enpo nan 2019 akòz de yon revni fèb oubyen ki nil, epi ou pa t enskri avèk zouti IRS.gov Non-Filers avan 22 Novanm 2020, donk ou p'ap resevwa yon pèman otomatik pou kounyè a. Olye de sa, ou dwe depoze deklarasyon revni federal 2020 ou kounyè a epi reklame Ranbousman Rekiperasyon an nan liy 30 deklarasyon ou an.

Sa k'ap pase si mwen gen timoun?

Pou tout timoun (kèlkeswa laj yo) ki enimerè kòm moun ki depann de deklarasyon revni 2020 ou an (oubyen deklarasyon revni 2019 ou, si ou pa t ko pwodui yon deklarasyon revni 2020), ou kapab kalifye pou yon Ranbousman Rekipere adisyonèl 1 400 \$. Timoun nan pa dwe deklare kòm yon depandan enpo okenn lòt moun, epi yo dwe genyen alafwa yon SNN oubyen yon ATIN.

E si m gen pitit ki nan inivèsite?

Si ou gen pitit ki nan inivèsite epi ou deklare yo se depandan, yo elijib pou Ranbousman Rekiperasyon an tou. Pèman t'ap vin jwenn ou, pa pou timoun yo.

Moun ki apèn diplome yo ki pa kalifye kòm depandan kapab elijib pou reklame Ranbousman Rekiperasyon nan deklarasyon revni yo a.

E si mwen gen yon pitit ki fèt an 2021?

Kèlkeswa timoun nan te fèt nenpòt lè nan 2021 an, w ap jwenn yon Ranbousman Rekiperasyon pou pitit sa, si ou reponn ak limit revni yo.

E si mwen deklare yon granmoun ki pi gran kòm depandan?

Si yo deklare yo kòm moun ki depan de revni ou, granmoun paran sa yo elijib pou Ranbousman Rekiperasyon konsa. Pèman t'ap vin jwenn ou, pa granmoun ki depann nan.

Se si mwen fèk elijib pou yon Ranbousman Rekiperasyon baze sou revni 2020 mwen, men mwen pa t fè deklarasyon 2020 mwen?

Fè deklarasyon enpo 2020 ou pi vit posib, epi reklame Kredi Ranbousman Rekiperasyon. Selon sitwèb IRS la, ou kapab reyèlman elijib pa sèlman pou pèman aktyèl la, men egalman pou de (2) pèman ane pase.

Konbyen m'ap jwenn?

Kantite Ranbousman Rekiperasyon depan de gwosè fanmi ou ak konbyen revni k'ap deklare sou deklarasyon revni 2020 ou (oubyen sou deklarasyon 2019 ou, si ou pa t ko fè sa pou 2020 an). Montan total 1 400 \$ pral vèse bay selibatè ki pa gen timoun yo ki gen 75 000 \$ oubyen mwens nan revni yo, oubyen chèf fanmi ki fè deklarasyon 112 500 \$ oubyen mwens, ak pou chak manm ki kalifye nan yon koup marye avèk 150 000 \$ oubyen mwens. Toutfwa, kantite Ranbousman Rekiperasyon redui amezi ke revni a pase a 80 000 \$ pou yon selibatè, 120 000 \$ pou chèf fanmi, ak 160 000 \$ pou koup marye.

Kilè m'ap jwenn Ranbousman Rekiperasyon?

Pèman ki depoze dirèk yo gentan kòmanse. Sou baz kalandriye pase yo, chèk papyè yo pral kòmanse voye pa lapòs 22 Mas 2021, epi Kat Pèman Enpak Ekonomik yo (Economic Impact Payment, EIP) pral kòmanse voye pa lapòs 29 Mas 2021. Kòm avan, ou dwe kapab itilize zouti I.R.S.'s Get My Payment pou swiv estati pèman ou.

E si m pa t jwenn Ranbousman Rekiperasyon ki soti 2020?

Si ou te elijib pou yon Ranbousman Rekiperasyon apati de Mas 2020 (premye pèman estimilis) oubyen Desanm 2020 (dezyèm pèman estimilis pèman) men pa t resevwa li, ou kapab eseye rekipere li pandan w ap reklame Kredi Ranbousman Rekiperasyon lè ou fè deklarasyon revni 2020 ou an. Fè deklarasyon ou nan Line 30 nan IRS Form 1040 oubyen 1040-SR.

Mwen te gentan resevwa Ranbousman Rekiperasyon epi li pa t enkli lajan anplis pou pitit mwen yo. Ki sa dwe fè?

Ou kapab bezwen depoze deklarasyon revni 2020 ou nan 2021 pou resevwa 1 400 \$ anplis pou chak timoun si ou pa t resevwa li avèk Ranbousman Rekiperasyon ane sa.

E si konjwen mwen avèk mwen te depoze enpo yo ansanm, men sèlman youn nan nou gen yon Nimewo Sekirite Sosyal epi lòt la gen yon ITIN?

Sa pa yon pwoblèm ankò. Konjwen ki gen yon SSN kapab resevwa Ranbousman Rekiperasyon, ak lòt konjwen p'ap resevwa li.

Eksepsyon: Si konjwen ki gen yon SSN te yon manm Fòs Ame Ameriken an nan nenpòt moman pandan ane enpo a kote ou te fè yon deklarasyon revni ki kalifye ou pou Ranbousman Rekiperasyon an, kidonk konjwen ki gen yon ITIN pral resevwa egalman Ranbousman Rekiperasyon an.

Èske m gen pou m remèt Ranbousman Rekiperasyon?

Non. Remiz Ranbousman Rekiperasyon an se yon kredi enpo ou peye davans ki pa dekoule de anyen alavni. Toutotan ou te resevwa l kòrèkteman, ou pa genyen pou remèt li. Li pa soti de anyen lòt. Se pa yon prè; se pa yon ranbousman taks.

Èske Ranbousman Rekiperasyon an pral ban m pwoblèm pou objektif imigrasyon oubyen fabrike pou mwen yon Chaj Piblik?

Non. Ranbousman Rekiperasyon an pa konte nan Chaj Piblik pou objektif imigrasyon yo. Toutotan w t'ap resevwa li kòrèkteman, li pa t'ap genyen okenn konsekans imigrasyon negatif.

Èske Ranbousman Rekiperasyon an pral redui oubyen fè m pa elijib pou okenn sèvis gouvènman?

Non. Ranbousman Rekiperasyon an se yon tip ranbousman enpo yon fwa. Nou kwè li pa konte kòm revni vè objektif avantaj gouvènman, ki enkli, Public Assistance, Medicaid, SNAP (Food Stamps), SSI, Section 8, ak NYCHA.

Pou SSI, lajan pa konte nan limit resous 2 000 \$ (pou patikilye yo) oubyen 3 000 \$ (pou koup yo) pou 12 mwa. Pou Public Assistance, nou kwè li pa konte nan limit resous 2 000 \$ (3 000 \$ laj si 60+) pou 2 mwa aprè mwa ki te fin resevwa.

Èske Ranbousman Rekiperasyon yo sijè ak divès koleksyon?

Byen ke Ranbousman Rekiperasyon an ap pwoteje kont koleksyon yo e yo p'ap konpanse pou dèt federal yo oubyen eta yo, ki enkli Child Support (Pansyon Alimantè pou Timoun), yo p'ap pwoteje aktyèlman kont sezi-arè pou ranbouse dèt prive.

E si mwen pa elijib pou yon Ranbousman Rekiperasyon men mwen resevwa aksidantèlman youn?

Si ou resevwa Ranbousman Rekiperasyon men ou pa t dwe akòz ou genyen revni ki depase sèy la, nou kwè IRS la pa t'ap fè w remèt li. Se vre avèk Ranbousman Rekiperasyon ane pase a, epi nou atann ak menm bagay la pou Ranbousman Rekiperasyon aktyèl yo, egalman.

Toutfwa, si ou pa elijib akòz estati imigrasyon ou men ou aksidantèlman resevwa yon Ranbousman Rekiperasyon malgre sa, nou konseye ou pou retounen li nan IRS pou evite posibilite tout konsekans imigrasyon negatif.

Pou Ranbousman Rekiperasyon ki te emèt ane pase, IRS la inisyalman te deklare moun ki nan prizon yo pa t kalifye pou Ranbousman Rekiperasyon, epi te di tout pèman ki fèt ak yon moun ki nan prizon dwe retounen nan IRS. Akòz de yon litij, sa pa rive fèt ankò. Moun ki te rive fèmen nan prizon oubyen dèyè bawo nenpòt moman apati 27 Mas 2020 jiska prezan, men ki reponn ak kritè elijibilite pou pèman ane pase yo kapab resevwa avantaj la. Se menm bagay la pou Ranbousman Rekiperasyon aktyèl yo, egalman.

Pou moun ki mouri, oubyen yon siksesyon oubyen kontra fidisyè, toujou rete pa elijib. IRS la di ke tout Ranbousman ki fèt ak yon moun ki mouri avan resepsyon Ranbousman dwe retounen nan IRS.

Ekstansyon Avantaj Konpansasyon Asirans Chomaj.

Endamnite asirans chomaj (Unemployment Insurance, UI) regilye pwolonje pou 25 semèn adisyonèl epi ogmante ak 300 \$ anplis pa semèn. Sa enkli Asistans ak Chomaj nan ka Pandemi (Pandemic Unemployment Assistance, PUA) ki elaji ak prestasyon asirans chomaj pou travayè ki tradisyonèlman elijib yo, tankou travayè ekonomi travay minim yo ak antreprenè endepandan yo

Endamnite Chomaj Ijans nan ka Pandemi (Pandemic Emergency Unemployment Compensation, PEUC), inisyalman prevwa pou ekspire 14 Mas 2021, pral egalman pwolonje pou yon maksimòm konbine 79 semèn. Moun ki resevwa avantaj yo odela peryòd estanda 26 semèn apati de 14 Mas 2021 pral kontinye resevwa yo jiska 6 septanm 2021 si yo pa t atenn kantite semèn avantaj maksimòm.

Finansman Federal la pral pwolonje pou eta ki renonse ak semèn atant yo a pou avantaj yo. Travayè ki genyen omwen 5 000 \$ revni travay endepandan kapab admisib pou yon avantaj adisyonèl 100 \$ pa semèn nan kad endamnite chomaj salarye miks yo pou konsidere yon pèman de-baz asirans-chomaj enferyè.

Byen ke avantaj chomaj yo enpozab, nouvèl lwa te rann premye 10 200 \$ avantaj yo non enpozab pou moun ki gen revni enferyè a 150 000 \$. Sa aplike pou 2020 sèlman.

Kredi Enpo pou Timoun ak Kredi Enpo sou revni ganye

Kredi Enpo pou Timoun (Child Tax Credit) ak Kredi Enpo sou Revni Ganye (Earned Income Tax Credit, EITC) (egalman ki rele kredi Enpo sou Revni Ganye (Earned Income Credit, EIC) pral kalkile diferaman pou ane enpo 2020 pase sa nan pase. Pou chak kredi, ou dwe genyen yon sètèn kantite revni ki ganye, baze sou gwosè fanmi an, pou kalifye pou kredi konplè a. Pandan pandemi an, toutfwa, anpil moun ki t'ap nòmalman kalifye dwe te genyen mwens paske yo te pèdi travay yo oubyen yo te travay pou pi piti tan. Paske revni ki pi ba nan 2020 te kapab vle di ou pa t kapab kalifye pou kredi sa yo, nouvo lwa sou Ranbousman Rekiperasyon enkli yon pwovizyon ki pèmèt ou itilize revni ganye 2019 ou an pou kalkile CTC ou ak EITC pou ane enpo 2020 an. Mwen espere ke sa ap ede ou kalifye pou kredi sa yo.

Anplis, CTC a, ki vo abityèlman jiska 2 000 \$, pou chak timoun admisib, te ogmante jiska 3 000 \$ pou chak timoun (3 600 \$ pou laj 5 an ak anba), epi limit laj la pou timoun ki kalifye yo te ogmante soti nan 16 rive 17.

Ou kapab resevwa kèk kredi kòm yon advans sou enpo 2021 ou yo. (Ou kapab egalman dezaktive pèman antisipe yo si ou swete sa.) Lalwa rann kredi a konplètman ranbousab, ki vle di ou kapab resevwa lajan ladan l kòm yon ranbousman enpo menm si fakti fiskal ou redui a zewo. Mwatye nan lajan kapab rive jwenn ou davans sis pwochèn mwa (sou baz enfòmasyon fiskal 2020 ou yo, oubyen ki baze sou enfòmasyon fiskal 2019 ou yo si ou poko pwodui deklarasyon revni 2020 ou yo.

Remak: Nan frekans pèman t'ap reyalize yo pa klè.

Kredi pou Swen timoun ak Moun Depandan

Kredi pou Swen Timoun ak Moun Depandan, ki ede fanmi k'ap travay yo konpanse frè swen pou timoun anba laj 13 an ak lòt moun ki depann de yo, ap sinyifikativman pwolonje pou ane enpo 2020 an. Pou ane sa sèlman, kredi a, ki vo yon maksimòm 2 100 \$ pou de oubyen plis patikilye ki

kalifye, pou kounyè a vo jiska 4 000 \$ pou yon patikilye ki kalifye oubyen 8 000 \$ pou de oubyen plis.

Lalwa egalman ogmante sinyifikativman nivo revni an kote kredi a kòmanse redui. Pandan dènye ane yo, rediksyon kredi yo te kòmanse nan yon revi brit ajiste nan 15 000 \$, men ane sa rediksyon pral kòmanse nan 125 000 \$.

Anplis, twazyèm seri Ranbousman Rekiperasyon an fè kredi a konplètman ranbousab yon jan pou ou kapab pèsevwa lajan kòm yon ranbousman menm si fakti fiskal ou a zewo.